

# VIRIS RESPIRATWA SENSISYAL (RSV)



## KISA YON RSV YE?

Viris respiratwa sensisyal la oswa "RSV" se yon viris respiratwa ki komen ki bay sentòm tankou grip.

## SENTÒM

Sentòm RSV parèt sou 4 a 6 jou apre moun nan fin enfekte, epi pou pifò timoun ak adilt, li **sanble ak yon grip** - sentòm ki pi komen ke li prezante yo se:



- Kous
- Nen K Ap Koule
- Lafyè
- Pèdi Apeti
- Kò Fè Mal
- Sansasyon Fatig
- Sifleman
- Entèniman



## PWOTEJE TÈT OU KONT RSV

- Gen yon seri mezi esansyèl tout moun kapab pran pou ede evite transmèt RSV ansanm ak lòt viris respiratwa yo, tankou:
  - Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon twal oswa manch chemiz ou lè w ap touse oswa estène, men pa ak men w.
  - Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.
  - Evite kontak sere avèk lòt moun, tankou bo, bay lanmen, ak bwè nan menm goblè ak manje ak menm istansil.
  - Netwaye sifas moun touche trè souvan yo tankou manch pòt ak aparèy mobil
  - Netwaye jwèt yo itilize an komen yo nan yon machin pou lave veso oswa avèk savon ak dlo cho pou evite tout eleman ki toksik.

## KILÈ POU M RELE YON DOKTÈ?

- Erezman, pifò moun geri anba enfeksyon RSV a pou kont yo; sepandan, rele doktè w la touswit oswa **chèche jwenn swen ijans si moun gen nenpòt nan sentòm ki endike annapre yo:**
  - Fyèw wo ki pèsiste (101.3 F [38.5 C] oswa pi wo).
  - Difikilte pou respire, tankou respirasyon oswa retraksyon kout, rapid, epi ki pa pwofon, kote pwatrin anfonse epi vant lan delate avèk chak kout souf.
  - Siy dezidratasyon
  - Refize bay tete oswa bay bibon
  - Iritabilite oswa inaktivite inabityèl
  - Po bouch yo ansanm ak pwent dwèt yo vin parèt ble